



GID OU POU OUVRI OSWA AGRANDI YON BIZNIS GADRI POU TIMOUN NAN DELAWARE

Èske ou enterese lanse oswa agrandi yon biznis gadri pou timoun oswa yon pwogram san bi likratif nan Delaware? Gid sa a ap ba ou konsèy etap pa etap, yon lis verifikasyon, ak resous pou finansman

Ale nan: [Kòmanse](#) | [Pakou a](#) | [Sa Ou Dwe Konnen](#) | [Konbyen Tan L ap pran](#) | [Fon ak Finansman](#) | [Ki Moun Ki Ka Ede](#) | [Lis Verifikasyon pou Lisans](#)



Anvan ou kòmanse, li enpòtan pou w konnen ki kalite swen ou vle ofri. [Biwo Lisans pou Sèvis Gadri pou Timoun \(Office of Child Care Licensing, OCCL\)](#) la bay lisans pou [Gadri Familyal pou Timoun, Gwo Gadri Familyal, ak Sant Gadri pou Timoun](#), ansanm ak estrikti espesyalize tankou Etablisman Rezidansyèl. Kalite lisans ou bezwen an depann de kantite timoun ou prevwa bay sèvis ansanm ak anviwònman w lan. Aprann plis sou [sitwèb Depatman Edikasyon Delaware a](#).

Pou kòmanse: 3 Premye Etap Ou yo

1. **Jwenn Èd pou Plan Biznis Ou a:** Rankontre ak [Sant pou Devlopman Ti Biznis \(Small Business Development Center, SBDC\)](#) la ak [Divizyon Ti Biznis \(Division of Small Business, DSB\)](#) lan pou w kreye bidjè w ak plan finansman w.
2. **Tcheke Lokal Kote W Ye a:** Asire w sit ou a ka satisfè egzijans OCCL pou zafè lisans yo ak règleman zonaj lokal yo¹. Anvan ou siyen yon kontra lokasyon, egzamine amenajman bilding nan ak egzijans konsènan espas yo avèk OCCL epi kontakte [Biwo Enspeksyon pou Prevansyon kont Dife nan Eta a oswa Vil la/anplwaye Sante Piblik Delaware \(DPH\)](#) a jan sa nesèsè pou evalye si pwojè a fezab (enspeksyon fòmèl yo ap fèt apre ou fin aplike pou yon lisans).
3. **Enskri:** Kontakte [Biwo Delaware pou Lisans Gadri pou Timoun \(Delaware Office of Child Care Licensing, OCCL\)](#) nan → enskri pou seyans oryantasyon an epi jwenn dosye aplikasyon w lan.

¹ Poze kesyon sitou konsènan pakin, sikilasyon, siyalization, ak chanjman nan espas eksteryè yo. Gen kèk minisipalite ki ka mete restriksyon sou ansèy eksteryè yo, byenke OCCL oswa Ajan ki Responsab Kontwòl Ensandi a ka egzije pou ansèy yo vizib pou yo bay lisans lan ak pou entèvansyon nan ka ijans.



Pakou a: Depi Planifikasyon rive nan Jou Ouvèti a

Faz 1: Chèche Enfòmasyon epi Eksplòre

- Patisipe nan seyans oryantasyon OCCL la.
- Kontakte OCCL byen bonè pou konfime tip lisans ou bezwen an epi poze kesyon jeneral. Pou evalyasyon ofisyèl sou gwo espas la oswa fdbak sou plan etaj, ou ka gen pou w soumèt yon aplikasyon oswa yon entansyon pou aplike.
- Rele Biwo Enspeksyon pou Prevansyon kont Dife a ak DPH pou w pataje plan bilding nan / poze kesyon sou gwo chanjman yo.
- Kontakte minisipalite zòn ou a, depatman planifikasyon an, oswa asosyasyon pwopriyetè kay yo (si sa aplikab) pou konfime si yo otorize gadri pou timoun nan zòn ou a.
- Fè rechèch sou sa yo egzije konsènan anplwaye yo (kalifikasyon direktè yo, rapò anplwaye-timoun yo, ranplasan yo) epi evalye si ou anmezi, yon fason reyalis, pou w anboche anplwaye oswa si w ka satisfè atant saleryal ki konsène zòn ou an.
- Rankontre SBDC pou kad plan biznis ak asistans teknik (bidjè, lajan pou peye fòmasyon, rezèv lajan kach).
- Anrejistre biznis ou an oswa òganizasyon san bi likratif ou a avèk [Delaware Division of Revenue \(pou lisans pou biznis\)](#) ak [Division of Corporations \(pou LLC oswa estati òganizasyon san bi likratif\)](#).
- Reflechi [sou bezwen kominote w la genyen nan zafè gadri pou timoun](#) (manke gadri pou tibebe? gen paran k ap travay toupre a?) ansanm ak laj timoun ou gen plan pou sèvi yo—tibebe/timoun piti, timoun ki nan lekòl matènèl, oswa timoun ki gen laj pou ale lekòl.

Faz 2: Planifye epi Prepare

- Asire w yo apwouve zonaj la ak kondisyon bilding lan.
- Pataje plan/amenajman ak Biwo Enspeksyon pou Prevansyon kont Dife a pou l ba ou avi l.
- Planifye tès sou sekirite konsènan anviwònman ki obligatwa yo: gaz radon, tès plon (si konstriksyon an te fèt anvan 1978), ak tès pou kalite dlo a (si Sèvis Dlo Potab la, oswa ODW (Office of Drinking Water), egzije sa).
- Si sit ou a sitye nan yon konte nan sid oswa toupre yon basen vèsan, [Depatman Resous Natirèl ak Pwoteksyon Anviwònman Delaware \(Delaware Department of Natural Resources and Environmental Control, DNREC\)](#) a ka mande tou yon evalyasyon enpak anviwònman oswa evakyasyon dlo pou asire ke dlo a/sòl/tè a pa afekte.

- Chwazi estrateji finansman an (konbinezon prè ak sibvansyon).
- Kreye yon plan pou anplwaye yo: wòl yo, delè pou w anboche yo, plan b. Gade paj 40–43 nan [Gid pou Lanse yon Biznis Gadri Timoun Adomisil](#).
- Redije vèsyon prelinè règleman ki obligatwa pou fanmi an (dapre OCCL): sante ak sekirite, pwosedi nan ka ijans, administrasyon medikaman, konpòtman/disiplin, epi kontra avèk paran/responsab legal.
- Kòmanse kontakte koutye asirans yo konsènan asirans pou kouvri responsablite sivil, byen materyèl, abi/maltretans, ak asirans konpansasyon travayè. Ou dwe gen yon kouvèti asirans anvan ou jwenn lisans lan, epi li ka pran plizyè semèn oswa plizyè mwa pou jwenn li.

Faz 3: Soumèt Demann lan epi Fè Mizanplas

- Soumèt aplikasyon pou lisans OCCL la (ak tout dokiman pou sipòte li yo).
- Planifye epi fè tout enspeksyon ak tès ki obligatwa yo: gaz radon, plon (si li te fèt anvan 1978), dlo (ODW), ak enspeksyon pou enstalasyon elektrik (chak twa zan). Soumèt rapò yo.
- Planifye pou enspeksyon etablisman an: Biwo Enspeksyon pou Prevansyon kont Dife a, DPH (si sa aplikab), gid pou OCCL.
- Asire w tout anplwaye pase verifikasyon sou pase yo (Bakgrawonn tchèk) epi pou yo swiv tout fòmasyon ki obligatwa yo (Reyanimasyon Kadyo-pilmonè/Premye Swen, Sante ak Sekirite, Abi ak Neglijans sou Timoun, Bay Medikaman).
- Kreye yon kont [EdAccess ak Depatman Edikasyon Delaware \(Delaware Department of Education, DDOE\)](#) a epi konekte pwogram/anplwaye w la ak [Sistèm Done pou Edikasyon nan Delaware \(Delaware Educator Data System, DEEDS\)](#), [Sistèm Jesyon Devlopman Pwofesyonèl \(Professional Development Management System, PDMS\)](#), ak Schoology pou fòmasyon, sètifikasyon, ak konfòmite (y ap travèse tout fòmasyon ki obligatwa yo nan sistèm sa yo nan ane fiskal 2026 la).
- Jwenn polis asirans ki obligatwa yo (responsabilite sivil, byen materyèl, konpansasyon travayè, pwoteksyon kont abi); gen kèk founisè ki rapòte li ka pran 60-90 jou pou w jwenn oswa renouvle kouvèti asirans lan.
- Achte oswa enstale mèb, ekipman sekirite, ak materyèl pou salklas la.
- Enskri nan Pwogram [Purchase of Care \(POC\)](#) la ak nan pwogram [Child and Adult Care Food \(CACFP\)](#) a, si li aplikab.
- Apre enspeksyon ak apwobasyon final yo, resevwa lisans ou → akeyi fanmi yo.

Sa Ou Dwe Konnen: Lisans ak Prensip Debaz nan Zafè Sekirite

Zòn	Egzijans yo
Lisans OCCL	Jwenn yon lisans si w ap pran swen timoun ki pa fanmi epi ou touche lajan pou sèvis sa. Patisipe nan seyans oryantasyon gratis OCCL la, soumèt aplikasyon an epi fè bakgrawonn tchèk yo, epi konfòme w ak tout enspeksyon yo. OCCL sipèvize nòm nan zafè sante ak sekirite epi li fè pifò enspeksyon yo. ²
Asirans	Ou dwe gen asirans ki kouvri responsablite sivil; gen kèk pwogram ki dwe genyen tou pwoteksyon asirans pou byen materyèl ak konpansasyon travayè. Pevwa gwo depans epi mete nan tèt ou koutye yo ka disponib raman.
Biwo Enspeksyon pou Prekansyon kont Dife ak Enstalasyon Elektrik	Soumèt plan konstriksyon yo pou yo egzamine yo epi pase yon enspeksyon sekirite kont dife. Travay avèk Biwo Enspeksyon pou Prekansyon kont Dife nan Eta Delaware a sof si w nan vil yo (Newark, Wilmington, Dover, New Castle), kote ajan minisipal ki responsab enspeksyon pou prekansyon kont dife yo fè enspeksyon. Li obligatwa pou w pase yon enspeksyon sètifye apa pou enstalasyon elektrik anvan ou jwenn lisans lan epi fè sa chak 3 zan.
Tès gaz Radon, Plon, ak Dlo	Teste chak sal timoun yo itilize pou wè si gen gaz radon (okòmansman epi chak 5 an). Si yo te bati bilding nan anvan 1978, fè yon tès plon epi jwenn otorizasyon. Teste priz dlo potab yo pou plon (epi pafwa kwiv) jan Biwo pou Dlo Potab la egzije sa; yon operatè sètifye (LLWO) dwe fè tès la epi refè li regilyèman. Gen lòt egzijans adisyonèl pou dlo pi.
Anplwaye yo ak Fòmasyon	Anboche yon direktè/founisè kalifye, kenbe yon bon rapò anplwaye-timoun, epi asire gen anplwaye ranplasan. Asire w anplwaye yo swiv tout fòmasyon yo (pa egzanp, CPR/Premye Swen, Bay Medikaman, ak Sante ak Sekirite pou Pwofesyonèl Gadri pou Timoun).
Règleman ak Dosye: Fòm pou Sant yo ak Fòm pou Founisè Sèvis Gadri Familyal pou Timoun	Plan nan ka ijans, dosye prezans, medikaman, ak rejis pou note ensidan. Pare w pou w la pandan enspeksyon yo.
Remak: Gen kèk etap—tankou tès sou sekirite anviwònman, enspeksyon yo, oswa anrejistreman biznis la—ou ka gen pou peye pou yo. Ou ka konpanse anpil nan depans sa yo atravè prè ak sibvansyon ki nan lis pi ba a.	

² OCCL fè pifò enspeksyon yo. DPH ka fè enspeksyon dirèkteman sèlman nan ka espesifik (tankou dlo pi, sèvis manje, oswa plent).

Konbyen tan sa pral pran?³

- Oryantasyon → pare pou aplike: 1–4 semèn
- Revizyon plan + apwobasyon: 2–10 semèn
- Tès sou sekirite anviwònman (gaz radon, plon, dlo): 1–4 semèn
- Anboche anplwaye epi jwenn otorizasyon: 4–12 semèn
- Enspeksyon final yo → yo ba ou lisans lan → ouvèti

Finansman ak Bidjè

Diferan sous finansman ka ede w kòmanse oswa devlope biznis gadri pou timoun ou an. Opsyon yo varye ant prè (ke ou dwe remèt) rive nan sibvansyon ak prim (ke w pa bezwen remèt), osi byen ke konkou lokal ak inisyativ kominotè.

Planifye pou depans regilye biznis lan tankou prim asirans, taks sou pewòl, konpansasyon travayè, antretyen, kontabilite, ak sèvis piblik. Anpil founisè souzestime depans sa yo nan premye ane yo a.

Prè ak Kapital

Pou depans demaraj oswa pou renovasyon enstalasyon ki dwe ranbouse.

- [PwogramSSBCI / DSBDelaware](#) - patisipasyon nan prè ak aksè kapital pou agrandi lokal la oswa biznis lan (kalifye pou etablisman fizik).
- [SBA / mikwo-prè / CDFI](#) - disponib pou depans pou demaraj tankou renovasyon, acha ekipman, oswa kapital inisyal (pa egzanp, [True Access Capital, NCALL](#)).
- Kreditè/ Pretè Kominotè yo: Anplis prè DSB/SSBCI ak founisè prè SBA/CDFI yo, pwogram gadri timoun ki pa pou pwofi yo kapab benefisye tou prè ki gen enterè ki ba nan men gwoup tankou [The Reinvestment Fund](#). Fwa sou Prè ak Sibvansyon SBDC a (ki fèt de fwa pa ane) se yon bon kote pou konekte ak bank yo, CDFI yo, ak moun ki bay finansman yo.
- [ExciteSussex](#) - pwogram prè renouvlab ki sipòte agrandisman biznis ak kreyasyon travay.
- Fon prè konte/lokal yo - tcheke avèk chanm komès ou a oswa biwo devlopman ekonomik konte a.



KONSÈY: Konbine prè yo avèk sibvansyon oswa asistans finansye lè sa posib.

³ Sa yo se estimasyon yo ye, yo pa delè ki garanti, epi yo depann de ki etap ki deja konplete. Delè reyèl yo ka varye.



Sibvansyon ak Konkou

Anjeneral, ekspansyon, amelyorasyon kalite, oswa pwogram san bi likratif pa egzije ranbousman.

- [EDGE 2.0](#) - fèt pou bisnis ki fenk lanse oswa ti biznis nan Delaware (tcheke DSB)
- [Sistèm Amelyorasyon Kalite \(SIK\) / Prim Amelyorasyon Kalite](#) – pou amelyorasyon pwogram, kourikoulòm, ak inisyativ kalite atravè DOE/DIEEC (pa pou depans demaraj oswa kapital; sèlman pou materyèl ak sipleman salè pou anplwaye).
- [Konkou prezantasyon Swim with the Sharks](#) - pou nouvo antrepriz nan Konte New Castle.
- [Sibvansyon 21st Century Community Learning Center](#) – sipòte pwogram anvan/apre lekòl ak pwogram pandan ete pou timoun ki gen laj pou yo ale lekòl; disponib pou lekòl yo, òganizasyon san bi likratif yo, ak ajans kominotè yo.
- **Sibvansyon fondasyon ak antrepriz san bi likratif** - Founisè finansman ki baze nan Delaware ak rejyonal yo (pa egzanp, [Longwood](#), [Laffey-McHugh](#), [Crystal Trust](#), [Crestlea](#), [Kutz](#), [Wilmington Flower Market](#), [Delaware Community Foundation](#), [PNC](#), [M&T Bank](#), [WSFS](#), [TD Bank](#)) sipòte etablisman gadri pou timoun, aprantisaj bonè, ak pwogram kominotè yo detanzantan.

Fason pou Ogmante Revni

- Vin yon founisè [POC](#) — epi, si ou kalifye, aplike pou POC+ (pousantaj ranbousman amelyore) pou pwogram ki gen pi bon kalite – pou sèvi fanmi ki kalifye selon revni yo.
- Eksplòre [ECAP \(Pwogram Asistans pou Timoun Piti\)](#): Eta Delaware finanse pwogram lekòl matènèl pou timoun ki gen laj 4 ane ki kalifye yo. Pwogram yo dwe satisfè estanda kalite siperyè yo epi pou yo aplike atravè DDOE. Finansman ECAP la kouvri depans pou bay plas nan lekòl preskolè (menm jan ak lekòl matènèl piblik, men li pa lye ak POC).
- Aplike pou [CACFP \(ranbousman pou repa\)](#) pou resevwa ranbousman pou manje. Pou patisipe, ou dwe satisfè egzijans eta a nan zafè sekirite alimantè ak kwizin epi swa:
- Ou aplike pou vin yon sit anba yon esponsò ki deja egziste (pa egzanp, [Catholic Charities](#)), oswa.
- Ou aplike pou vin pwòp esponsò pa w (plis kontwòl, men pi gwo responsablite administratif—sa bon pou pi gwo sant yo).
- Ofri plas pou patwon-patnè ([biznis lokal yo jwenn kredi taks federal pou swen timoun](#)).
- Pwopoze swen konplè pou timoun lekòl matènèl, swen anvan ak apre lekòl, ak aktivite anrichisman sipleman.



Ki Moun Ki Ka Ede: Kontak Enpòtan yo

OCCL (Office of Child Care Licensing) - lisans ak règleman
302-892-5800 (New Castle) / 302-739-5487 (Kent ak Sussex)
occl.doe@doe.k12.de.us | [Lanse yon Biznis Gadri pou Timoun](#)

Small Business Development Center (SBDC) - planifikasyon biznis, prè, maketing
302-831-1555 | DelawareSBDC@udel.edu | delawaresbdc.org

Division of Small Business (DSB) - kapital sk sibvansyon
302-739-4271 (Dover) / 302-577-8477 (Wilmington)

Delaware State Fire Marshal - Enspeksyon Etablisman
302-856-5298 | [Enspeksyon Etablisman Gadri ki Deja Egziste](#)

First State Inspection Agency – enspeksyon enstalasyon elektrik
800-468-7338 | inspections@firststate.com

Delaware Institute for Excellence in Early Childhood (DIEEC) -fòmasyon, akonpayman, QIS
302-831-3239 | ecinstitute@udel.edu | dieec.udel.edu

Early Childhood Innovation Center (ECIC) - èd pou anboche
anplwaye ak pou jwenn sètifika oswa diplòm
302-857-7400 | ECIC@desu.edu | <https://ecic.desu.edu/>

AccessCare (Children & Families First) – sèvis referans nan zafè gadri pou timoun
800-734-2388 | [Children & Families First](#)



Lis Verifikasyon Rapid konsènan Lisans pou Gadri Timoun

Lis verifikasyon sa yo rezime etap enpòtan ki nan Gid Ou pou W Lanse oswa Agrandi yon Biznis Gadri pou Timoun nan Delaware. Itilize yo kòm yon referans rapid pandan w ap planifye, aplike, epi prepare pou ouvèti

Anvan Ou Aplike

- ☑ Patisipe nan seyans oryantasyon OCCL la.
- ☑ Kontakte OCCL pou konfime kalite lisans lan epi poze kesyon (ou ka soumèt "entansyon pou aplike").
- ☑ Verifikasyon alavans avèk Biwo Enspeksyon pou Prevansyon kont Dife a ak Sante Piblik Delaware (DPH) pou plan bilding nan oswa gwo chanjman yo.
- ☑ Konfime apwobasyon zonaj/okipasyon espas la avèk biwo planifikasyon konte a oswa vil la.
- ☑ Tcheke règleman HOA/règleman lokal pou itilizasyon teren an (si sa aplikab).
- ☑ Anrejistre biznis oswa òganizasyon san bi likratif avèk Divizyon Revni an (pou lisans pou biznis) ak Divizyon Kòporasyon yo (pou LLC/estati san bi likratif).
- ☑ Kòmanse plan biznis la + bidjè a (avèk SBDC oswa DSB si ou vle sa).
- ☑ Ekri vèsyon preliminè plan pou anplwaye yo, règleman debaz yo, ak plan etaj la.
- ☑ Planifye tès sou sekirite anviwònman: gaz radon, plon (si konstriksyon an te fèt anvan 1978), ak tès pou kalite dlo a (si Biwo Dlo Potab la egzije sa).
 - Si w nan konte Sussex/sid yo oswa toupre zòn basen vèsan yo — verifye si evalyasyon enpak anviwònman DNREC la oswa evalyasyon sou drenaj dlo obligatwa.

Anvan Ou Louvri (Aprè Ou Fin Aplike)

- Soumèt aplikasyon pou lisans OCCL la ak tout dokiman sipò yo.
- Planifye pou enspeksyon ak tès ki obligatwa yo:
 - Biwo Enspeksyon pou Prevansyon kont Dife
 - DPH (si sa aplikab)
 - Gid OCCL la
 - Rezilta tès gaz radon, plon ak dlo yo soumèt
 - Enspeksyon pou enstalasyon elektrik fin fèt (li obligatwa anvan ou jwenn lisans lan epi li dwe fèt chak 3 zan)
- Kreye yon kont EdAccess DDOE; konekte anplwaye yo/pwogram nan ak DEEDS, PDMS, ak Schoology (pou swiv fòmasyon/sètifikasyon anplwaye yo — tout ap travèse isit la nan ane fiskal 2026 la).
- Bakgrawonn tchèk fèt epi nòmal pou tout anplwaye.
- Anplwaye yo anboche epi yo fin swiv tout fòmasyon ki obligatwa yo (Reyanimasyon Kadyo-pilmonè/Premye Swen, Bay Medikaman, Sante ak Sekirite, Abi ak Neglijans sou Timoun).
- Achte/enstale mèb, ekipman sekirite, ak materyèl aprantisaj.
- Enskri kòm yon founisè Purchase of Care (POC) epi aplike pou CACFP (si w ap ofri repa).
- Dènye vizit yo fini → yo ba ou lisans lan → ouvèti.



Si ou vle fè modifikasyon oswa ajoute enfòmasyon nan dokiman sa a, kontakte info@firststateprek.com. Chèche konnen plis bagay sou sa ou ka fè pou amelyore swen ak edikasyon timoun piti nan Delaware sou www.firststateprek.com.